

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Kaulinan barudak mangrupa salasahiji sarana pikeun mekarkeun sarta ngamumulé budaya Sunda. Salian ti mekarkeun jeung ngamumulé budaya Sunda dina hakékatna kaulinan barudak miboga ajén atikan anu dijerona ngawengku ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama. Pangaruh atikan kana parobahan paripolah pribadi manusa bisa diajarkeun ti leutik kénéh. Ku sabab kitu, kaulinan barudak bisa dijadikeun bahan pangajaran anu raket patalina jeung ajén-inajén anu bisa mangaruhan kana paripolah manusa éta sorangan. Kaulinan barudak miboga ajén-inajén anu bakal ngajadikeun barudak silih asah, silih asih, silih asuh tur miboga sipat kakulawargaan, karancagéan, silih ngahargaan, nurut kana aturan, tanggung jawab sarta ngajauhkeun tina mumusuhan.

Perkara anu kapanggih dina panalungtikan di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor nya éta:

- 1) aya 15 kaulinan tradisional Sunda anu masih kénéh dipaénkeun ku barudak lembur di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor nya éta: (1) kaulinan anu sipatna ulin atawa heureuy jeung (2) kaulinan anu sipatna lomba. Kaulinan barudak anu sipatna heureuy nya éta: Jamburan, Car-car Gumicar, Kacapiring, Oray-orayan, Nanangkaan, Ucing dongko, jeung Pérépét Jéngkol. Sedengkeun kaulinan barudak anu sipatna

lomba nya éta: Maén Kolécér, Maén Bebedilan, Galaksin, Maén Gemblong, Maén Biji, Congklak, Maén Karét jeung Maén Jébrah.

- 2) data anu kapaluruh ngeunaan istilah-istilah kaulinan barudak di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor nya éta aya 18 istilah nya éta Pit, Cak, Anak Bawang, Éléh, Meunang, Ucing Hiji, Ucing Kabéh, Joli-joli, Sasa, Piit, Ireuh, Aspél, Gul, Pélor, Gobang, Kuwuk, Sulumbang jeung Inyeun.
- 3) ajén atikan anu nyangkaruk dina kaulinan-kaulinan barudak lembur nu aya di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor bisa numuwuhkeun sipat *sportif*, silih mikanyaah, welas asih, kajujuran, sarta ngajauhkeun tina mumusuhan.
- 4) Nurutkeun SKKD pangajaran kakawihan diajarkeun ka budak SD kelas II jeung kelas III sarta luyu kana kritéria milih bahan ajar, kakawihan anu aya dina kaulinan barudak bisa dijadikeun bahan ajar di SD.

Tina pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén kaulinan barudak lembur nu aya di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor masih kénéh sok dipaénkeun ku barudak, sok sanajan kaulinan atawa ulin anu ngandung harti teu bener-bener, tapi dina kaulinan barudak miboga ajén-inajén anu nyangkaruk di jerona anu bisa numuwuhkeun kajujuran, rasa solidaritas, sipat sportif, sarta jauh ti mumusuhan.

## 5.2 RÉKOMÉNDASI

Sabada nalungtik ajén atikan dina kaulinan barudak lembur di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor, aya sababaraha hal anu perlu ditepikeun minangka saran nya éta ieu di handap.

- 1) Kaulinan barudak lembur miboga mangpaat pikeun barudak dina mangsanu bakal datang. Sabab, dina kaulinan barudak miboga ajén-inajén anu bisa ngajadikeun budak miboga sipat-sipat positif sarta ngajauhkeun tina mumusuhan;
- 2) Pikeun lembaga atikan, dina kaulinan barudak lembur aya kakawihanana anu bisa dijadikeun bahan pangajaran, utamana di SD, minangka bahan pangajaran ngaregepkeun;
- 3) Pikeun lembaga kabudayaan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngalengkepan data-data dina widang folklor, sarta dipaké dokuméntasi, sangkan barudak Sunda kiwari henteu pareumeun kana kabudayaan baheula.